

REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE
Secrétariat Général de l'Etat

ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°18 YO KU WA GATATU IGENEKEREZO RYA 05 RUSAMA 2021

Inama y'Abashikiranganji yarakoranye kuri uyu wa Gatatu igenekerezo rya 05 Rusama 2021, i Gitega, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama, yaciye aha umwanya Nyakwubahwa Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize ivyavuye mu nama itegura iyo nama nshikiranganji yarongoye kw'igenekerezo rya 30 Ndamukiza 2021, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Umushikiranganji wa Mbere ahejeje gushikiriza icegeranyo Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, ivyihwejwe ni ibi:

1. Integuro y'ishirwa mu ngiro ry'umugambi w'igihugu w'iterambere mu bisata vyo gutumatumanako amakuru, kuyamenyesha, ibimenyeshamakuru na za posita, yashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe kumenyesha amakuru, ubuhinga bwo kumenyesha amakuru n'ibimenyeshamakuru.

Uburundi bwarashizeho umugambi w'igihugu w'iterambere kuva muri Mukakaro 2018. Uwo mugambi niwo fatiro kandi wogerwako mu migambi yo guteza imbere igihugu, ubushikiranganji bunyuranye bukaba busabwa gutegura ingene ushirwa mu ngiro mu bisata bibwega.

Iyi nteguuro rero ije kwerekana intumbero yofatwa mu gutegura ibizorangurwa ku mwaka ku mwaka mu bijanye no kumenyesha amakuru, ibinyamakuru, amaposita n'ubuhinga bwo gutumatumanako amakuru.

Intumbero nyamukuru ni uko igisata co kumenyesha amakuru, ibinyamakuru, amaposita n'ubuhinga bwo gutumatumanako amakuru coba inkabuzo y'iterambere nyaryo gushika mu mwaka w'2027.

Iyi nteguro izoshingira kuri ibi bikurikira :

- Guteza imbere ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako amakuru,
- Gufasha mw'iterambere ry'ubuzi bwa Reta biciye mu buhinga bwa none bwo gutumatumanako amakuru,
- Gushigikira iterambere ry'igisata c'indero hafatiwe ku vyo igihugu gikeneye n'ibikorwa ku rwego mpuzamakungu biciye mu buhinga bwa none bwo gutumatumanako amakuru
- Gukwiragiza ibimenyeshamakuru n'uburyo bwo kuyamenyesha mu gihugu cose,
- Guteza imbere igisata c'amaposita kugira gihurumbirwe,
- Gukoresha neza uburyo buri mu gisata co kumenyesha amakuru, ibinyamakuru, amaposita n'ubuhinga bwo gutumatumanako amakuru,
- Gutunganya neza ibijanye n'ama nimeru y'udusandugu twa posita.

Uwo mugambi uzotwara uburyo bungana na miliyaridi amajana atatu na mirongo itanu na zitandatu n'imiliyoni amajana icenda na mirongo itandatu na zibiri (356 962 000 000) z'amahera y'amarundi .

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, yarayemeje, ariko muvuyo yasavye hakaba harimwo kwerekana urukwirikirane rw'ingene ibikorwa bazorangurwa. Yasavye kandi ko muri ubwo buryo bukenewe hokwerekana igisabwa Reta, n'ic'abandi bafashanya na Reta bazoterera. Ubushikiranganji bwokwiyumvira kandi ingene hoboneka uburyo bwo gushira mu ngiro uwo mugambi, mu gihe ubwo buryo bundi buzewe ahandi atari muri Reta butoboneka nk'uko vyateguwe.

2. Integuro y'igitabu cerekana ingene imigambi ya Reta itegurwa, yashikirijwe n'Umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutegura imigambi y'iterambere.

Kuva ku ntwaro y'igikoloni, Uburundi bwamye butegura imigambi y'iterambere mu ntumbero yo guteza imbere ubutunzi.

Ariko nta kinini vyashitseko kubera hari agahaze mu gutegura iyo migambi, kuko yaba ishingiyeye ku kiringo gito.

Nico gituma Uburundi bwaciye bufata icemezo co kwiha ikiringo kirekire co gushika mu 2025. Iryo shusho ry'Uburundi ryo mu 2025 niryo ryafashije mu gutegura umugambi w'iterambere ry'igihugu.

Naho Uburundi bwateguye ibitabu vyinshi bitegura imigambi y'iterambere, nta gitabu kihari cokwisungwa na bose mu gutegura iyo migambi, haba ku rwego rw'igihugu, mu bushikiranganji canke mw'ikomine, ivyo navyo bigatera ikibazo, kuko bose ntibaheza ngo bayitegure kumwe.

Nico gituma iki gitabu cerekana ingene imigambi itegurwa catunganijwe. Cerekana inzira zose umugambi ucamwo mu gutegurwa, intambwe zose ucako, ivyiyumviro nyamukuru wisunga, ibikenerwa mw'ikurikiranwa no mw'isuzumwa ryawo.

Kizofasha kugirango itegurwa ry'imigambi rigende neza kuva hasi gushika hejuru, cereke abo bose vyega ivyisungwa kugirango igihugu gishike kw'iterambere rirama, ibikorwa vyategekanijwe birangurwe neza nk'uko vyateguwe ata guta ibintu mu rudubi, kandi ibintu bitegurwe kumwe ku nzego zose.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, yarabonye ko ikenewe cane kuko izofasha cane no muri kazoza.

Kubera ko iyo nteguro isaba gutererwa kugirango ize yiyujuje kuruta, abashikiranganji baciye basabwa kwiha akanya bayisome neza hanyuma mu kiringo c'indwi imwe babe bashikirije umushikiranganji ajejwe gutunganya imigambi ya Reta intererano zabo, kugirango zishobore gufatirwako mu guhinyanyura neza ico gitabu imbere y'uko cemezwa.

Kabaye akaryo ko kwibutsa abashikiranganji ko boza bararaba ko mu migambi itegekanijwe mu makomine, ubushikiranganji bajejwe bwibonamwo.

3. Integuro y'itegeko nshikiranganji rishinga amategeko yisungwa mu bijanye n'ikoreshwa ry'amafaranga aziganywa yiyongera kuyasanzwe ategekanijwe n'amategeko, yashikirijwe n'Umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutegura imigambi y'iterambere.

Iyi nteguro yerekeye amafaranga umunywanyi yiziganiriza aza yiyongera kuyo asanzwe ategerezwa kuziganya amufasha canke agafasha abiwe, iyo akukurutse, yitavye imana canke abaye ikimuga.

Iri tegeko rizokwisungwa n'ibisata bitegekaniriza abantu kazoza, kuko gushika ubu nta tegeko ryariho ryerekana ingene ayo mahera akoreshwa.

Inama nshikiranganji iriko irahanahana ivyiyumviro kuri iyo nteguro, yasanze hari ibwirizwa ryerekeye ibijanye n'agahamba abakukurutse baronswa ririko rirategurwa, bikaba vyoba vyiza rero baravye iyi nteguro y'itegeko nshikiranganji ibanje kurindira, kuko yoza ishira mu ngiro iryo bwirizwa.

Inama nshikiranganji yasavye ko iryo bwirizwa ryoraba ko hagati y'inyungu z'ibisata bijejwe gutegekaniriza kazoza abantu n'iz'abanywanyi atazoya zirengera izindi.

4. Integuro y'ibwirizwa ryemeza ingabire y'amafaranga aje gushigikira umugambi KIRA urangurirwa mu gisata c'amagara y'abantu, yashikirijwe n'Umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutegura imigambi y'iterambere.

Ingabire y'amadolari y'Abanyamerika imiliyoni mirogo itanu(50) niyo yatanzwe n'ishirahamwe mpuzamakungu rijejwe iterambere(IDA), ayangana n'imiliyoni zine n'ibihumbi amajana atandatu (4,6) z'amadolari y'Abanyamerika nazo zitangwa n'ishirahamwe GAVI, mu ntumbero yo gushigikira umugambi KIRA urangurirwa mu gisata c'amagara y'abantu niyo yatewe ko umukono n'Ibanki y'isi yose na Reta y'Uburundi.

Ni ukuvuga ko yose hamwe ari amadolari y'abanyamerika angana na miliyoni mirongo itanu na zine n'ibihumbi amajana atandatu (54,6).

Ubwo buryo buzokoresha:

- Mu kubandanya umugambi wo kuvura ku buntu abana batarenza imyaka itanu, n'abakenyezi bibungenze ;
- Mugukomeza ibisata bikuru bikuru vyo mu bushikiranganji bw'amagara y'abantu biciye mugushimirwa kuco umuntu yakoze ;
- Mu gufasha abakenyezi bakorewe amabi afatiye ku gitsina, be n'amasuzumiro mu ntara yugawe.

Ubwo buryo buzofasha kandi mu guhangana n'ikiza koronavirusi mu kugabanya ingaruka zaco mu bisata bikuru bikuru mu bushikiranganji bw'amagara y'abantu.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, yarayemeje, ica isaba ko yokwihuta gushika mu nama nshingamateka na nkanguzamateka kugirango yemezwe.

Inama nshikiranganji yacyiye isaba ko hoba igikorwa co kugenzura mu bitaro vyose mu ntumbero yo gusuzuma ingene amahera yagenewe kuvura abana batarenza imyaka itanu ku buntu n'abakenyezi bibungenze, yakoreshejwe.

5. Indinganizo y'ingene Uburundi bwokwinjira mu mashirahamwe yo mu karere, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe iyinjira ry'Uburundi mw'Ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'ubuseruko, urwaruka, inkino n'imico kama.

Uburundi buri mu mashirahamwe menshi aba mpuzamakungu canke mu karere. Uburundi bwamye bushira imbere kwinjira mu mashirahamwe kuko bifasha cane cane ko ata muhora dufise kw'ibahari.

Iyo ndinganizo isanzwe inategukanywa n'umugambi w'igihugu w'iterambere. Iyi ndinganizo ishingiye ku ntumbero zine nyamukuru ziza zunganirana arizo z'izi :

- Gukomeza amahoro n'umutekano
- Gukomeza intwari ibereye mu bijanye no kwinjira mu mashirahamwe
- Guteza imbere ibijanye no gutwara abantu n'ibintu, amasoko ntanganguvu, amazi, n'ibindi...
- Kubandanya inzira yo kwinjira mu mashirahamwe mu bice vyayo vyose.

Iyi ndinganizo izotuma uburundi buronka akarusho mu buryo bukurikira :

- Kugwiza imihora
- Guteza imbere ubutunzi
- Kugwiza ubuzi
- Kugabanya ubukene
- Gukomeza amahoro n'umutekano

Mu gihe abashikiranganji bariko bihweza iyi nteguro, mu vyiyumviro bikuru bikuru vyashikirijwe harimwo ibi bukurikira :

- Mu ma shirahamwe arenga ijana na mirongo umunani Uburundi burimwo, birakenewe ko haboneka ayo Uburundi bushaka kuvamwo, hakerekana n'imvo nyamukuru zibitumye be n'ibisabwa kugirango buyavemwo;
- Ku mashirahamwe Uburundi bwipfuzwa kugumamwo, hokwerekana intererano isabwa ingene ingana, be n'ayo buheranye ;
- Ubushikiranganji vyerekeye bwokwerekana ingaruka z'uko Uburundi buva mw'ishirahamwe iri canke ririya ;
- Si ngombwa ngo igihugu cinjire mw'ishirahamwe iri canke ririya kugirango rigifashishe ubuhinga riba rifise.

Iyo nteguro izogarukana mu nama nshikiranganji imaze guhinyanyurwa neza hafatiwe kuri ivyo vyiyumviro vyashikirijwe.

6. Ishusho y'indinganizo y'ingene inkengera y'ikiyaga Tanganyika yotunganywa ikongera igakoreshwa neza, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ibidukikije, uburimi n'ubworozi.

Ikiyaga Tanganyika gifise akamaro kanini mu butunzi bw'igihugu. Iruhande yo kuba gifise amazi meza, kirimwo ibinyabuzima vyinshi kandi kigafasha no mu gutwara ibintu n'abantu.

Mu ntumbero yo gukoresha neza amazi y'ikiyaga Tanganyika, harateguwe ibitabu vy'imigambi bitari bike n'amategeko arashirwaho.

Ni muri iyo ntumbero Igitabu c'amategeko agenga amazi gitegekanya ko akarere kangana n'imetero ijana na mirongo itanu (150) uvuye ku nkengera y'ikiyaga ari itongo rya Reta.

Naho habaye utwo twigoro, inkengera y'ikiyaga Tanganyika ikoreshwa nabi.

Mu tumbero yo gutorera umuti iyo ngorane, ubushikiranganji bujewe ibidukikije bwatunganiye ishusho y'ingene iyo nkengera y'ikiyaga yotunganywa ikongera igakoreshwa neza ibidukikije bikingiwe, ibibanza ingenzi zotembereramwo be n'ibindi vyoteza imbere ubutunzi navyo nyene bigatunganywa neza.

Iyi ndinganizo ifise intumbero yo gufasha kugirango inkengera y'ikiyaga Tanganyika ikoreshwe neza kandi ikingirwe.

Iyi ndinganizo irerekana ingene ibintu vyifashe ku nkengera y'Ikiyaga Tanganyika ku burebure bungana n'ibirometero mirongo itatu na bitanu (35), kuva ku ruzi Kagera ya mbere gushika ku ruzi Kirasa, ikerekena n'ibibereye kandi bikwiye kuharangurirwa.

Inama nshikiranganji imaze guhahana ivyiyumviro kuri iyi ndinganizo, yarashimye icyumviro co gutunganya neza izo nkengera kuko ni intambwe nziza, cane cane ko Ikiyaga Tanganyika ari ntangere mu butunzi bw'igihugu c'Uburundi. Muvyo yashikirije harimwo ibi bikurikira :

- Ico gikorwa kirakeneye gutererwa n'abandi bahinga mu bisata binyuranye ;
- Birakenewe ko uturere tubangamiwe n'umwuzurira ku nkengera y'Ikiyaga Tanganyika ducungerwa neza ntihagire inyubakwa zisubira kuhaja ;
- Ubushikiranganji bubijewe burakwiye gushigikira abateshejwe izabo n'iyo myuzurira ;
- Ubushikiranganji bujewe inyubakwa burakwiye gufatira k'ukugene ikiyaga Tanganyika kiriko kirigenza kugirango ibiriko birubakwa canke ibizokwubakwa ntibihungabanywe nico kiyaga ;

- Harakwiye ivyigwa vy'ingene inzuzi zisuka mu Kiyaga Tanganyika zotunganywa neza kugirango ntizigitosekaze, kandi n'abantu baba ku nkengera zazo bakingirwe.

Inama nshikiranganji yarashimye iyo ndinganizo, ica isaba ko igitabu gitunganyijwe neza kandi catererewe n'abahinga bo mu bisata bitandukanye cotegurwa hanyuma kigashikirizwa inama nshikiranganji igasubira ikacihweza kugira icemeze.

7. Intenguro y'itegeko nshikiranganji rishinga ingingo zishira mu ngiro amategeko agenga abakozi ba Reta mu bijanye n'impapuro z'umutsindo n'izindi ngaragazabumenyi baronse bari ku kazi, yashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe abakozi ba Reta n'akazi.

Amategeko agenga abakozi ba Reta, ategukanya ko umukozi wa Reta ashobora kuduzwa mu murwi w'abakozi uri hejuru y'uwo yarimwo, arangije ivyigwa canke yakarihirijwe ubwenge akabironkera urupapuro rw'umutsindo rusabwa uwinjizwa mu kazi muri uwo murwi.

Inyigisho zitangirwa urupapuro rw'umutsindo canke nkarishabwenge zirashigikiwe na Reta kuko intumbero ari ukugirango umukozi wa Reta abe incabwenge.

Kubera za kaminuza zagwiriye, abakozi ba Reta benshi barabandanije inyigisho, bararonka impapuro z'umutsindo, bakaba rero badahengeshanya gusaba ko izo mpapuro z'umutsindo nshasha baronse bari ku kazi arizo zohabwa agaciro.

Kubera ivyo, no mu ntumbero yo kutaremera Reta mu bijanye n'imishahara ihemba abakozi, iyi nteguro isaba ibi bikurikira :

- Guha agaciro izo mpapuro z'umutsindo vyokorwa n'umushikiranganji ajejwe abakozi ba Reta abisabwe n'umushikiranganji akoresha uwo mukozi, akabwirizwa kwerekana italiki uwo mukozi yinjiriye muri ako kazi gashasha kajanye n'urwo rupapuro rw'umutsindo, be n'uwo, uwo mukozi asubiriye mu kibanza ;
- Uturusho dufatiye ku nyigisho nkarishabwenge twotangwa hafashwe ingingo y'umushikiranganji ajejwe abakozi ba Reta, umushikiranganji akoresha uwo mukozi abanje kubisigura akanerekana akarusho urwo rupapuro ngaragazabumenyi umukozi yaronse ruzana ;
- Isabwa ry'agaciro k'izo mpapuro z'umutsindo na ngaragazabumenyi ryoba mu kiringo kitarenza amezi atandatu kuva umukozi yinjiye muri ako kazi gashasha.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, yarayemeje, ariko muvuyo yasavye hakaba harimwo gutandukanya uwagiye kubandanya ivyigwa arungitswe n'umukoresha, be n'uwagiye ku gatwe kiwe.

Uwarungitswe n'umukoresha yoronka uburenganzira bwo kuduzwa m'uwundi murwi iyo ikibanza kibonetse.

Ku wagiye kwiga ku gatwe kiwe nawe, ivyiwe vyokwihwezwa iyo hageze kurondera kwinjiza abakozi bashasha muri uwo murwi yipfuza kujamwo.

Inama nshikiranganji yasavye kandi gucungera neza ivyo bijanye n'impapuro z'umutsindo kuko hajamwo ubusuma bwinshi, kuko usanga hari nk'ibigoye gutahura, aho usanga uwusanzwe ari umukozi wa Reta aronka urupapuro rw'umutsindo rwa Kaminuza yize ku murango kandi yabwirizwa kuba ari ku kazi.

Kuvyerekeye abigisha badugijwe mu murwi wo hejuru n'Abayobozi b'Indero mu Ntara kubera impapuro z'umutsindo nshasha baronse, inama nshikiranganji yasavye ko mu gihe co kwinjiza abigisha bashasha boza imbere y'abandi, ariko umushahara bagatangura kuwuharurirwa ico gihe nyene babinjirije. Ariko kugirango ntihahave hajamwo ubusuma ngo hagire uwuzana urupapuro rw'umutsindo atarirwo, nabo nyene botunganirizwa ikibazo.

Abayobozi b'indero mu Ntara basabwe kudasubira kwiha uburenganzira bwo kuduza umuntu mu wundi murwi ngo ni uko yaronse urupapuro rw'umutsindo rwisununuye.

- 8 & 9. Amasezerano y'umwumvikano hagati y'ubushikiranganji bw'ubudandaji, gutwara ibintu n'abantu, amahinguriro n'ingenzi n'Igisata kijejwe kworohereza ibidandazwa bica mu muhora wo hagati**
- **Amwe yerekeye kuronsa icuma gifasha gukurikirana ibidandazwa bica muri uwo muhora**
 - **Ayandi nayo akaba yerekeye kuronsa udufukamunwa n'imiti yo gukaraba ku bashoferi bagendesha imiduga ikora urudandazwa mpuzamabihugu mu ntumbero yo gukinga ikiza koronavirusi.**

Izo nteguro zashikirijwe n'Ibiro vy'Umushikiranganji wa Mbere .

Mu mubonano wabaye hagati y'umunyamabanga nshingwabikorwa mu muhora wo hagati n'ajejwe ubushikiranganji bujewe gutwara abantu n'ibintu mu kwezi kwa Nzero uyu mwaka, barumvikanye ko Uburundi bworonswa imfashanyo kugirango urudandazwa mpuzamabihugu ruze rurakurikiranwa neza.

Mu nyuma haratunganijwe umwiherero w'abo bose ico gikorwa cega, icashitsweko kikaba ari uko hotegurwa amasezerano y'umwumvikano.

Ni muri iyo ntumbero izo nteguro zashikirijwe.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino izo nteguro, yarazemeje, ariko isaba ko mu bijanye n'ayo masezerano y'iyo mfashanyo yo gukinga koronavirisi ku bashoferi b'imiduga ikora urudandazwa mpuzabihugu, aho kugura udufukamunwa n'iyo miti yo gukaraba, hogurwa ibikoresho vyo gupima koronavirisi.

Inama nshikiranganji yihweje kandi urugero ayo masezerano ariko, yasanze umukono w'umushikiranganji atari ngombwa, akaba yoterwako umukono n'uwundi aserukira ubushikiranganji bujewe ubudandaji.

8. Utuntu n'utundi

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu yaribukije abashikiranganji uruhara n'amabanga bajewe, ariko aca abibutsa ko batoreka gusaba impanuro bagenzi babo canke ababakurira mu gihe babona ikibazaniye.

Yarasavye kandi abashikiranganji ko muri wa mugambi wo kwegereza ubutegetsu abenegihugu, bokwumvisha abakozi bo mu bushikiranganji bajewe ko umwanya uwariwo wose umukozi ashobora kurungikwa kurangurira amabanga mu Ntara canke mw'ikomine iyariyo yose.

Bigiriwe i Gitega, Igenekerezo rya 06 Rusama 2021

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba n'Umuvugizi
wayo
Prosper NTAHORWAMIYE